4.- DIGLEKATU NJÀŊGALEMI

Maangi tudd Alberto man maa jiité njàŋg mi ci benn ekoolu njàŋg mu warmi .

Lépp lula waaji la dalal wax ak lépp loo xamni dinañ lako waxi xamalni waxoon naako say waajur ci ap ndaje buñu amoon ak ñoom waxoon nañ ko tamit yeneen eleew yiy soga ñëw ak yifi yàgg. Man maay wool ban kalaas lañ la yóbbu ak yan mooy say woxtu, suko defee ma yóbbula ci sa kalaas waxla it lan nga wara jàŋg ci atmi.

Njàŋgum liise minga wara tàmbali, sudeeni ci at mu njëkj mi nga neekk, woll budeeni ci beneen at nga neekk. Njàŋgmi ñetti at yuñu xaaj ñaar-ñaar la. Xaaj bu jëkk bi mooy atmu njëkkmi ak atum ñaareelbi, ñaareelu xaaj bi mooy ñetteelu atmi ak ñeenteelu atmi.

Ci lingay jàŋg dafa ci am yoo xamni yu warla ak yoo xamni bula neexee nga jàŋg ko bula neexee bàyyi ko. Ci yinga wara jàŋg yici ëpp njariñ mooy español ak matematik dinañula wax nan ngay def ba mënë jàŋg yu waryi, des yu demeni xamxamu biti, xamxamu mbooloo, xarale (teknoloji), misik, tàggat yaram, aar, benn boo xamul ci yooyu ma la limël bul jaaxle, dinaala wax lu ci nekk mooy lan.

Amna macceer yoo xamni du fors waaye mën nañu la jàppale jamano boo demee ba tollu ci liggeey. Yooyu macceer mooy lu deme niki jàŋg beneen làkk, tàmbalee njàŋgum mece ak tamit njàŋgum caada.

Boo demee baci kalaas bu mujj bi say saas dàddi tàambali ubbéeku ndaxte dinga mënë tànn matematik binga bëgg woll digënté juróomi macceer yi, mooy fisik ak simi, xamxamu duna ak xeer yi, misik, aar ak xarale (teknoloji)

Atmi dañko xaaj ñetti xaaj, xaaj bune ñette weer. Bépp xaaj bu jeex, dinañ la yónnee sa not ci macceer yépp te wax sa taxawaay ci njàŋgmi.

Njàŋgmi mingi tàambali ci ñaareelu semeenu settumbar di jeex ci wetu ñaarfukki fan ci weeru suwee.

Bo jeexalee ñetteelu atmi jàll eksamee yépp dañ lay jox diploomu bërewé, ak diploom boobu dinga mënë jàŋg leneen lumelni mecce wolla nga contine ba bangay am Bak.

Boo mësul rëduble bi ngay def primeer, dinañ la may nga rëduble ñaari yoon mooy ba bangay am fukki at ak juróom ñett. Boo ame fukki at ak juróombenn boo bëgge jàŋg mecce amna yoon woo xamni moom ngay toopp.